RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen | f 6,— | njoewoen kabajar roemijin. |
| 1/2 „ | f 3,— | |
| 3 woelan | f 1,50 | |

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

50 taoen joeswanipoen Sri Maharadja Poetri Wilhelmina — Mewahi sakedik — Barang-gawan-gana gini — Dadosa panggalihan — Contardo Ferrini — Kanggé Kalibawang — Rékaninipoen tijang pados arta — Katoer doemateng ingkang kagoengan pangoewaos — Batanganipoen Sw. Tm. No. 33. — Tijang boetjalan ing Digoel — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

# PRADJA RAHAJOE.

## 50 TAOEN JOESWANIPOEN SRI MAHARADJA POETRI WILHÈLMINA.

Rikala 31 Agoestoes poenika Sri Maharadja Poetri Wilhèlmina dados joeswa 50 taoen. Ing tanah Djawi ngriki ing poendi-poendi dipoenwonteni karaméan minangka kanggé ngoermati. Swara Tama koetjiwa sakedik, djalaran boten saged medal ing dinten trep ngadjengipoen, nanging kapeksa kasèp medalipoen (margi namoeng medal kaping sapisan ing dalem saminggoe).

Sanadjana kasèp, éwasamanten Swara Tama boten kasoepèn memoedji soepados Sri Maharadja kaparingana basoeki lan joeswa pandjang sagarwa poetra dalasan Iboe Dalem pisan.

Toemrap kita Indonesia, salebetipoen Sri Maharadja poenika djoemeneng Nata, Pandjenenganipoen katingal katah anggènipoen ngadjengaken, katawis saking wontenipoen Raad-kawoela, wontenipoen tijang Djawi kadjoendjoeng dados warga Raad-India, warga Raadkawoela golongan Indonésia badé wewah tjatjahipoen, Bestuurhervorming lsp.

Poenika mratandani bilih Sri Maharadja boten ngalang-alangi adjengipoen Indonésia, namoeng kémawon bangsa Indonésia pijambak mangertosa anggènipoen nganggé Raadkawoela lsp. poenika waoe kanti leres.

Jèn bangsa Indonésia kanti leres anggènipoen nganggé sarana-sarana ingkang noentoen dateng kamardikan waoe, Sri Maharadja temtoenipoen inggih najogijani wontenipoen kamardikan.

Mila sampoen dados pantesipoen manawi Swara-Tama memoedji soepados Sri Maharadja manggiha basoeki lan joeswa pandjang (ad multos annos).

## MEWAHI SAKEDIK.

Ing Sw. T. no. 35 dipoenoendang-oendangaken jèn salebeting liboeran Sept. ngadjeng poenika ing Moentilan badé dipoenwontenaken retraite tjara Walandi. Poenapa retraite waoe taksih kedah koela tawèkaken mider-mider malih? Kados boten. Éwasemanten kados boten tanpa goena, manawi wara-wara retraite waoe (Sw. Tm. no. 35) ing ngriki kawewahan satemboeng, kalih temboeng.

Ing djaman sapoenika poenika djaman kemadjengan i. p. sinten-sintena inggih ngangkah madjeng: madjeng dateng ingkang kapeleng. Golongan Kath. Djawi oegi ngangkah madjeng. Ingkang poenika koela saos atoer soekoer, lan memoedji, moegi panggajoehipoen ingkang kapeleng waoe tansaha kanti gregoed.

Namoeng kémawon sarèhning tijang poenika dédé pirantos kados machine, ingkang boten saged ngéwahi lampahipoen; nanging tinitah soepados saged noentoen lampahipoen pijambak, sarta ngéwahi, njandet oetawi ngadjengaken, kados sakadjengipoen pijambak, dados jèn langkoeng tjeta-goeméla pepelenganipoen, lan langkoeng kijat panggah prakosa toemindakipoen, arak inggih langkoeng prajogi.

Sad. Kath. ingkang sampoen naté nglampahi retraite, poenika arak inggih sampoen priksa manawi retraite poenika adamel pepadang djingglang-djingglang lan angentjengaken panggregoeding panoedjoe.

Milanipoen para sad. sadaja koela atoeri (temtoe kémawon ingkang saged) toemoet nglampahi retraite waoe. Sampoen ngandika makaten: „Akoe wis taoe retraite, dadi ora perloe menèh ! ! ! ! ! !" Poenapa katja poenika boten asring kabledoegan lan ladjeng broewed?? Lan senteng poenika manawi kapanteng poenapa asring boten ladjeng kendo? Toewin bab wragad, mbok inggih sampoen njraki pétang wragad kangèlan; awit „Sapa ora awèh, ija ora olèh! ! ! ! ! !"

## BARANG GAWAN — GANA GINI.

Sampoen saoentawis lami koela maos wonten serat kabar kita „*Soeara Katholiek*," bilih Hoofdbestuur P.P.K.D. sapoenika saweg manah-manah bab wontenipoen pranataning tijang rerajatan (huwelpksweтgeving) kanggé bangsa Priboemi Kristen ing tanah Indonésia riki.

Pranatan poenika badénipoen mesti oegi kanggé gotrah kita Djawi Katholiek. Mila perloe sanget manawi koela sadaja oegi toemoet anggagas-gagas prekawis poenika.

Satoenggiling prekawis ingkang tansah dados manahan koela i. p. bab pranataning hak radja-darbé (huwelijksgoederenrecht) toemrapipoen tijang Djawi Katholiek ingkang rerajatan. Para maos mesti boten kekilapan bilih prakawis poenika ngantos sapriki dèrèng kapranata déning Negari.

Manoet adat Djawi kina, radja-darbénipoen tijang rerajatan poenika kapérang dados kalih warni:

a) *barang bektan* i.p. bektanipoen tijang djaler oetawi èstri nalika sesémahan;

b) *goena kaja* oet. *gana gini* i.p. barang-barang ingkang angsalipoen nalika tijang kekalih waoe sampoen dados sémah.

Adat saking djaman kina waoe ngantos sapriki taksih toemindak wonten ing tanah Djawi riki, langkoeng$^{2}$ wonten golonganipoen sadèrèk Djawi padoesoenan oetawi kaoem soedagar. Déné sad. Djawi sanèsipoen ingkang sampoen toemoet ébahing djaman katah oegi ingkang boten ngenggèni padatan kina poenika.

* * *

Sapoenika kados-poendi kawontenanipoen prakawis poenika wonten golongan kita Djawi Katholiek?

Ningali kawontenanipoen sapoenika ratjakipoen sad. Djawi Katholiek boten sami ambédak-bédakaken barang bektan kalijan gana gini. Sadaja barang toewin banda ingkang dipoendarbèni poenika ingkang anggadahi inggih tijang kalih; djaler èstri sami toemoet anggadahi (ingemeenschap van goederen).

Makaten poenika pantjèn sampoen samestinipoen, awit sampoen tjoendoek sanget kalijan „*raos*" kita Katholiek.

Tijang djedjodoan tjara Katholiek poenika roemaos jèn poenapa-poenapanipoen sampoen dados satoenggal; dados bingah soesah ingkang ngraosaken inggih kalih-kalihipoen. Awit jèn boten makaten gampil andadosaken „bot-sih" (=abot sesisih), woesana saged ndjomplang, liripoen: saged ngrenggangaken anggènipoen tresna-tinresnan.

Samanten oegi toemrapipoen banda oetawi radja-darbé ingkang kagadoehaken déning Pangéran; sasaged-saged oegi kedah rineksa tijang kalih lan djaler èstri kedah sami toemoet ngraosaken étjanipoen.

Langkoeng-langkoeng manawi ngèngeti dateng anak, ingkang minangka dados tetangsoeling katresnanipoen bapa lan bijoeng! Sadaja gegadahanipoen tijang sepoeh poenika boten sandé rak inggih badé toemoeroen dateng poen laré waoe.

* * *

Ing ngadjeng koela sampoen matoer, bilih padatan makaten poenika tjoendoek sanget kalijan „raos" kita Katholiek.

Nanging poenika *sanès dawoehing Agami,* djalaran Pasamoewan Soetji ing bab hak radja darbénipoen tijang rerajatan boten maringi dawoeh oetawi pranatan poenapa-poenapa. Dados tijang Djawi Katholiek inggih kénging kémawon ngenggèni adat kina waoe; (dados kénging ambédakaken barang bektan kalijan gana-gini).

Namoeng kémawon poenapa makaten poenika oegi wonten perloenipoen? — Limrahipoen boten, nanging sok-sok wonten perloenipoen; oepami:

1. E sémah angsal D, ambekta barang pengaos f 1000. E ladjeng ngadjal, mangka boten nilari anak. Barang f 1000 waoe ladjeng dateng sinten? Manoet adat Djawi kina, barang kedah wangsoel dateng tijang sepoehipoen E oetawi aliwaris sanès. Jèn boten makaten, mangké barang saged oegi dawah sémahipoen D ingkang kaping kalih (sémah énggal). Mangka sémah énggal waoe terkadang dédé sadèrèkipoen E. Makaten poenika manoet raos Djawi boten adil.

2. E angsal D. D damelanipoen nelasaken jatra, oepami kanggé amboedjeng kasenenganipoen pijambak. Jèn barang bektan kadadosaken satoenggal kalijan gana-gini, sadaja mesti katelasaken D. Wasana E dalah anakipoen sami kapiran. Nanging manawi barang kalih warni waoe boten kadadosaken satoenggal, D sagedipoen namoeng nelasaken gana-gini oetawi bektanipoen D. E taksih anggadahi bektanipoen pijambak, ingkang kénging kanggé ngragadi E toewin anak-anakipoen. —

Sadèrèk Djawi ingkang boten Katholiek taksih katah ingkang ngenggèni adat kina, awit kerep sanget wonten djalaranipoen ingkang perloe i. p. manawi pindahan (pegatan). Perloenipoen barang bektan saged wangsoel dateng ingkang gadah hak.

Nanging kanggénipoen sad. Djawi Katholiek prakawis poenika boten perloe dados manahan, awit boten kénging pindahan.

*

Dados atoer koela ing nginggil waoe kénging koela ringkes makaten:

1. Manoet kawontenanipoen sapoenika tijang Djawi Katholiek ingkang rerajatan ratjakipoen boten ambédakaken barang bektan kalijan gana-gini.

2. Sok-sok wonten perloenipoen ambédakaken barang kalih warni waoe.

Mila manawi Paréntah pantjèn badé damel pranatan bab poenika, kersaa mranata makaten:

*a.* kanggé limrahipoen (als regel): gemeenschap van goederen;

*b.* jèn wonten perloenipoen: dipoenkéngingna nganggé adat lami.

Wasana moegi atoer koela poenika andadosna panggalihipoen Hoofdbestuur-ing pakempalan kita P. P. K. D. toewin para ingkang wadjib.

Bd. 30-8-'30. *X.*

## DADOSA PENGGALIHAN.

Noewoen, keparenga ngrembag sakedik prakawis poenika, toer inggih pandjenengan sadaja sampoen boten kekilapan.

Kita ratjak mèh sampoen naté ngalami mondok. Ingkang badé koela atoeraken namoeng kados-poendi sagedipoen sami seneng lan marem poen pamondok lan ingkang pinondokan. Dados poen pamondok nggadahi pengadjeng-adjeng manggiha ajeming manah, tentrem, tjotjog lan papan poenapa déné toewan roemah, kaleresan tedanipoen, toer pembajaripoen pondokan sampoen ngantos kawisen. Déné ingkang pinondokan sok inggih ngadjeng-adjeng kosokwangsoelipoen, é, mbokmanawi ló! Soekoer jèn boten!

mBajara pondokan ingkang katah, neda trimaha sawontenipoen, lan ngroemaosana jèn mondok. Wonten malih ingkang manah mekaten: jèn ora gelem mbajar saméné, mangan saanané, ja kana loengaa. Hla, tjilaka kanggé poen panoempang, kados poenapa raosing manahipoen.

Dados sedjatosipoen, sadaja waoe kedah dipoenroedjoekaken langkoeng roemijin.

Sagedipoen roedjoek, inggih poenika sadaja-sadaja kedah ngertos dateng koewadjibanipoen pijambak-pijambak. Langkoeng$^{2}$ kanggé tijang Katholiek, poenika preloe sanget. Awit manawi ngantos wonten pasoelajan, ingkang namoeng margi bajaran pondokan, rak inggih kirang mrawira namanipoen. Kanggé poen panoempang temtoenipoen ing sadèrèngipoen inggih sampoen nggadahi pamilih ingkang amrih prajoginipoen. Semanten oegi kanggé ingkang dipoen toempangi, inggih kedah ndjagi sanget-sanget dateng ingkang mondok; langkoeng-langkoeng kanggé ingkang toenggil panoetan, prasasat ngiras dados pamomongipoen, tegesipoen ingkang koewadjiban ngoelat-oelataken. Tjekakipoen ndjagi amrih saénipoen. Kedjawi poenika inggih kedah saged menggalih dateng pamedalipoen ingkang mondok, sampoen kok ladjeng sama-rata kémawon, lan sampoen menggalih: ah kaloek dak segini, roegi sèh! Rak poenika sampoen kapenggalih lebet, émoeta gesang sesarengan, kedah loeng-tinoeloeng, sampoen kok toeloeng mentoeng. Rak inggih nitik panggénan, oepami ing paredèn, sampoen kasami ing kita. Poenapa malih manawi penoempang wedalan Cursus oetawi ingkang kasamèkaken Cursus ladjeng dipoen sami N.S. Ingkang wedalan N.S. kasami K.S. sapitoeroetipoen. Poenika rak inggih mesakaken ta! ingkang sekedik?

Inggih leres terkadang panedanipoen sami, poenapa$^{2}$ sami, ning pandjenengan sadaja rak saged nimbang pinten salarisipoen wedalan Cursus poenika. Oepami wonten sadèrèk Cursus ingkang mbajar kostgeld ngantos 15 roepijah sawoelan toer papan boten ramé, poenapa boten awrat? malah asring kawraten? Lo pandjenengan rak ladjeng saged menggalih sapinten karosan ingkang kawedalaken, mèh tansah 50 presèn ing karosanipoen langkoeng; wah poenapa boten mentoeng tjengel poenika?

Mangka sanèsipoen neda teksih mbetahaken sandangan lan prabot-prabot sanèsipoen. Mila, panjoewoen koela moegi dadosa penggalihanipoen para maos.

Poen panjerat sampoen njipati, wonten ingkang mila inggih dados lan rekaosing gesangipoen poen penoempang, ingkang djalaran inggih gegandèngan prekawis ing nginggil; gèk ndadak sedèrèk waoe sanès prijantoen kakoeng. Pramila para kawogan, koela ambali malih kagaliha atoer koela!

Noewoen
poen Rr. Triati.

## CONTARDO FERRINI.

(*Sambetipoen Swara-Tama no. 35*).

g. *Pindah dateng Pavia 1894-1902.*

nDedel-ndedeling koentjaraning asmanipoen Dr. Ferrini inggih kala taoen poenika, dasar soetji toer soegih kawroeh; jèn moelang tjeta gamblang, langkoeng-langkoeng jèn nggepok bab Goesti Allah lan kaoetamèn.

Kala taoen 1894, sardjana Zachariae von Lingenthal séda atilar boekoe nama Paralipomena ad Basilica (Tilaran Poesaka Basilica). Lan ing boekoe poenika pangandikanipoen sardjana waoe, bilih sampoen boten wonten boekoe tilaran saking abat X ingkang magepokan lan Basilica.

Basilica makaten serat Pangrèh Pradja karangan djaman Praboe Basilius Macedo, karampoengaken Leo Philosophus 886—910. Nanging boten let dangoe djeboel ing Bibliotheca Ambrosiana pinanggih wonten palimpsest-ipoen 7000 larik saking abad X ngemot ingkang magepokan serat Basilica. Rèhning Dr. Giovani Mercati ingkang manggih serat waoe roemaos boten koewagang ndjlèntrèhaken, serat ladjeng kapasrahaken dateng Dr. Ferrini, kagarap kalawan sregep dados boekoe nama: „Editionis basilicorum Heimbachianae supplementum alterum." (Djedjangkep angka kalihipoen boekoe Heimbach-an bab Basilica). Inggih boekoe poenika ingkang dados sekaring boekoe jasanipoen, inggih boekoe ingkang prasasat ngepoeh kakijatanipoen Dr. Ferrini.

h. *Kaoetamèn lan tepangipoen kalijan kadang koewanoehanipoen.*

Manoet paseksèning ngakatah, poendjoeling kaoetamènipoen Dr. Ferrini ngantos angèl sanget kaandaraken boten kanti pinaiben, awit jèn tindakipoen wonten ing andaran katingal kasangetaken, poenika malah saweg saloegoenipoen kémawon.

Pandjenenganipoen poenika wonten ing ndonja ngriki kados déné jasa donja alit-alitan rinengga pasrèn tetingalaning para Malaékat, mawi djagang lebet wijar mila ombjak lan roewet-rentenging djagad ndjawi sampoen boten damel owahgingsiring djagadipoen Dr. Ferrini.

Boten wonten dinten gotang Dr. Ferrini jèn sinaoe, sembahjang oetawi jèn ameng-ameng temtoe kalijan ingkang rama. Sinten ingkang boten kapranan ningali prijantoen kekalih poenika, anggènipoen roekoen, sregep panjamboet-damelipoen, kala-kala toemenga manginggil mriksani Salib lan ngoendjoekaken tandaning katresnan oetawi panoewoen.

Sinten ingkang tansah ngangen-angen dateng Swarga lan katresnaning Pangéran, temtoe inggih tresna dateng Pangéran; déné toemoesing katresnanipoen woedjoed bekti dateng Tyas Dalem, Sakramèn Mahasoetji lan raket soepeket dateng nDjeng Iboe Dèwi Marijah. Mila kerep kémawon Dr. Ferrini kerajaraja boten adjrih asrep lan tebih perloe sageda tampi Sakramèn Maha-soetji: wonten mergi oetawi sepoer boten wigih-wigih sembahjang tesbèh kanti saé. Dateng tetingalan babar pisan boten naté mriksani malah ngandikanipoen aloewoeng nangis sèwoe dinten tinimbang ningali dateng panti soeka sapisan kémawon, mratandani genging pandjaginipoen dateng kenjanipoen. Saking roemaos begdja déné katimbalan dados poetra Dalem Hjang Widi namoeng mligi saking kasaénan Dalem. Dr. Ferrini tansah ngarah-arah mitoeloengi tijang ingkang awon gesangipoen srana sembahjangan lan toelada minangka atoer panoewoenipoen dateng Pangéran. Wonten poendi-poendi tansah ngatingalaken katresnanipoen langkoeng-langkoeng dateng tijang ingkang boten nganggep dateng Goesti Allah, ngandikanipoen: „Leres sampéjan boten betah Goesti Allah, nanging ngrika ingkang betah sampéjan, awit Pandjenenganipoen saé nglangkoengi saéning bapa dateng anakipoen. Mangka bapa makaten mbetahaken dateng katresnaning anak, lan roemaos keranta-ranta manawi anakipoen sami katingal kirang tresna, inggih poenapa boten? O manawi sampéjan ngertos tresna Dalem Goesti Allah dateng sampéjan, sampéjan temtoe oegi nimbangi tresna."

Boten gotang Dr. Ferrini ndjenengi pakempalan *Santo Vincentius* lan ngatingalaken oermatipoen dateng pamanggihing sanès; manawi dong netepi wadjibing warga pakempalan Santo Vincentius toewi dateng tijang mlarat, temtoe inggih milih ageman ingkang sampoen loengset, perloenipoen soepados boten damel pinggeting manahipoen ingkang dipoentoewèni. Malah nijatipoen badé tansah *tresna dateng kamlaratan srana tresna dateng tijang mlarat.*

i. *Minggah redi Alpen.*

Wiwit timoer C. Ferrini kerep wonten ing pasanggrahan asri kagoenganipoen ingkang rama doemoenoeng ing ndoesoen Suna sapinggiring tlasa Lago Magiore. Inggih wonten ngriki anggènipoen sinaoe tresna dateng asri-asri

## KABAR SAKING SOEKARADJA.

**Dolanan glati.**

Satoenggiling sepioen pabrik rosan ing Kalibagor, nami H. Aponno (bokmenawi bangsa Ambon), nalika dinten Kemis tanggal 14-8-'30 wonten ing pamagasan (pangrembangan) rosan ing doesoen Pedjatèn satjaketipoen Soekaradja, ngglati satoenggiling tijang ngarit nami San Ngoesman, kénging lakangipoen, menggah djalaranipoen mekaten:

Poen S. Ng. waoe dipoenkèngkèn déning H. Aponno, kapoerih mendet gambar dateng grijaning mandor, boten poeroen, awit pedamelanipoen pijambak dèrèng rampoeng. Poen H. A. dipoenwangsoeli: „boten poeroen" poenika sadjakipoen boten remen lan ladjeng nepsoe sanget, tandanipoen sareng poen S. Ng. waoe moengkoer, pijambakipoen ladjeng mendet glati, katamakaken dateng S. Ng. kénging lakangipoen ngantos tatoe awrat, ingkang toeloeng setoenggal oegi tatoe lengenipoen déning glatining H. A.

Poen H. A. pijambak oegi tatoe sirahipoen, nanging tijang teksih tjangkriman, poenapa poenika tatoe margi panglawaning S. Ng., poenapa margi dipoentatoni pijambak, bab poenika dèrèng tjeta. Koela namoeng ngadjeng-adjeng dateng ingkang kawogan ngoeroes, soepados kadamela **titi** ing pangoeroesipoen. Mireng bab poenika ladjeng toewoeh pangresoelaning manah koela: *Wé la, apa isih koerang tjatjahing wong-wong kang pada dadi koerbaning pabrik Kalibagor?* (Cursief ? P).

—

**Ketabrak montor.**

Wonten ing sangadjengipoen toko Alijong ing Kalibagor, nalika tanggal 16-8-'30 wonten Tjina èstri satoenggal kadoegi djam 3 — 4 sijang, ketabrak ing montor merk A.B. nomeripoen jèn boten klintoe 1004. Poen mas sopir teroes kaampiraken dateng Assistènan. Wondéné ingkang ketabrak teroes karimat ing Dokter.

—

**Kageschikaning S. O.**

Pamoelangan kl. II ing Bandjaranjar (Soekaradja), poenika pamoelangan Vervolgschool énggal, ngadegipoen saweg 2 taoen poenika, dados dèrèng naté ngedalaken moerid; goeroe lan klasipoen saweg tiga. Nalika dinten Senèn 11-8-'30 pamoelangan waoe dipoenrawoehi ing S.O. Soekaradja preloe inspectie. Pinten dinten laminipoen? Sarèhné doemoegi dintenipoen Kemis dados inggih 4 dinten. Ingatasipoen pamoelangan énggal, inspectie ngantos kawan dinten poenika inggih sampoen kagolong inspectie ingkang titi sanget. Ewasemanten meksa dèrèng marem mriksa kawan dinten poenika, tandanipoen dintenipoen Setoe teksih rawoeh malih. Poenapa poenika boten badé tjari-tjari? . . . . . . . . . . Soekoer jèn boten.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## BOEPATI KRISTEN.

### BOTEN KÉNGING?

Para sadèrèk. *Swara Tama* kala Djoemoewah kapengker, anjarijosaken: R. Poedja, Patih Djember, Kristen, kaangkat dados Boepati ing Prabalingga.

Lelampahan poenika, pantes kita pèngeti. Anggèn koela ngrembag prekawis poenika koela djarag *pandjang - lébar*. Djer wartosipoen, inggih saweg sapoenika ing tanah Djawi wonten tijang Kristen (Protestant), dados Boepati. Nanging, manoet tjarijosipoen redaktoeripoen *Alg. Ind. Dagblad* ing Betawi, kala *16 taoen kapengker, djaman Ingkang Witjaksana G.G. A.W.F. Idenburg ing tanah Kedjawèn sampoen kelampah wonten wisoedan Boepati Kristen makaten poenika.*

Doemadosing lelampahan ing nginggil, saèstoe damel gambiraning manahipoen gotrah Kristen, inggih golongan Katholiek, inggih Protestant. Lair-batos, koela atas namanipoen wandawa Katholiek, ngatoeraken pambagja wiloedjeng dateng kadang Protestant, déné sadèrèkipoen sampoen wonten ingkang kasinoengan daradjad inggil makaten.

Koela mangertos, ing djagad Katholiek Djawi sakedik sanget, malah kénging kawastanan sasat boten wonten, nénéman ingkang loemebet ing pamoelangan B. B.

Amila, . . timboeling lalampahan ing nginggil, sampoen mesti *badé amboeka* manahipoen para moeda Katholiek, sinaoe wonten pamoelangan tjalon prijantoen pangrèh pradja. Koela poepoedji, sageda kasembadan idam-idaman koela ingkang makaten poenika.

* * *

Sampoen limrahipoen, barang *anjar katon* poenika dados raraosan, dados patjitan. Semanten oegi menggah wontening lelampahan Boepati Kristen, ing nginggil.

Kita tetijang Kristen sami bingah. Nanging sadèrèk kita golongan Islam, swantening serat-serat kabar ingriki, *sami boten lila*, déné wonten tijang Kristen dados Boepati. Djer, Boepati makaten Volkshoofd, pangagenging Agami Islam, mangagengi tetijang Islam, ingkang tjara s. k. *Darmo - Kondo* no. 194, katemboengaken makaten:

„. . . Kejakinan kami, selama Boepati itoe masih dianggap sebagai bapa Ra'jat, selama Boepati itoe masih dianggap sebagai Volkshoofd, dan selama Ra'jat jang terbanjak dinegeri ini althans tanah Djawa, masih diikat oleh peradaban Islam, boekan pada tempatnja orang jang boekan Islam mendjabat pangkat jang tinggi, berkoeasa mengepalai oemat Islam itoe."

Semanten oegi, kalébating soeraosing wawasan ing *Bintang Timoer* no. 198, *Bahagia* no. 193, lss., . . . . inggih noenggil misah kalijan swanten ing *Darmo-Kondo* kaseboet.

Malah inggih boten namoeng mandeg semanten. Gandèng kalijan wontening lalampahan Boepati Kristen, . . . . . warga Raad Kawoela *t. Nja Arif* kala Djoemoewah 29 Agoestoes, miterang dateng Paréntah prakawis wisoedan Boepati Kristen waoe:

a). „Poenapa boten badé anoewoehaken raos boten narimah (ontevredenheid) ing salebeting djagad Islam ing Indonesia?

b). Boepati Kristen boten kénging lan inggih boten saged ngawat-awati (toezicht) toemrap ingkang nama *priesterraden* toewin panjepenging kas mesdjid.

c). Angèngeti bilih Boepati makaten oegi kedah angrembag pangangkat saha pamotjoting poenggawa mesdjid, (—beambten van de Mohamedaansche kerkinstellingen—) poenapadéné palilah anjoekani pangadjaran Islam, . . . . . amila wisoedan poenika ing pawingkingipoen saged anoewoehaken pakèwed warni-warni . . . ."

* * *

Para sadèrèk! Satrija Katholiek, kedah awatak prawira. Pikadjeng koela: kita angaosi pamanggih, kaantepan oetawi kajakinaning sanès. Manawi kita badé *kadjèn* kedah *angadjèni*. Manawi kita boten poeroen *dipoenmakatenaken*, inggih kedah boten *mangkonokaké* lijan.

Terangipoen: kita poenika tijang Kristen, tijang Katholiek. *Saoepami* (— *nota bene*: poenika namoeng saoepami lo —), . . . saoepami ing djagad Kristen wonten lalampahan: „*panggedé Islam* kang kadjaba pagawéjan lija-lijané oega winadjibaké mèloe *tjampoer remboeg* oet. *tjampoer tangan* toemrap oeroesan kang moeng dadi koekoebaning *Agama* Kristen", . . . . sampoen mesti kémawon kita Kristen Indonesiërs, badé njoewanten sora, santer, andoewa benoeman poenika waoe.

Angèngeti poenika, gandèng kalijan benoeman Boepati Kristen waoe, kita Kristen Indonesiërs, kedah moengel kanti legawaning manah:

„Manawa *temen-temen* Boepati poenika tjara *Bahagia* no. 193: *seorang Volkshoofd, seorang jang mendjadi tetoewa dari perkara Islam didairahnja, seorang jang dimintanja tetimbangan tentangan oeroesan Islam oeleh rakjatnja jang semoeanja mendjadi oemat Islam*, . . .", . . . akoe ija ora angloepoetaké anggoné para oemat Islam, pada ora lila pangkat Boepati diloenggoehi wong Kristen.

„Manawa *njata*, Boepati koewi tjara temboengé *Bintang Timoer* no. 198:" . . . kedoedoekan Regent itoe mendjadi *kepala* jang mengamat-amati perdjalanan Priesterraden, kas medjid, malah . . . menoeroet jang soedah-soedah dianggap djadi *Chalifah* poela didalam regentschapnja, diseboet didalam ketoebah Djoem'at" . . . . . manawa temen mangkono, kasatrijan Katholiek koedoe *mbeneraké* sadoeloer-sadoeloer Moeslimin anggoné pada ora narimakaké wisoedan Boepati Kristen kaseboet ing doewoer.

Enget: „ . . . . . kagoengané Sang Praboe tjaosna Sang Praboe, kagoengan Dalem Pangéran, tjaosna Pangéran . . . ."

Kedah makaten sadèrèk, kaantepan kita! Djer koela jakin, tijang Islam boten badé saged ngoeroes prakawis *Agami Kristen*, semanten oegi kosok - wangsoelipoen tijang Kristen tangèh saged ngoeroes prakawis *Agami Islam*.

* * *

Nanging......poenapa inggih njata temenan Boepati poenika dados sesepoehing Agami Islam? Poenapa inggih, Boepati poenika, temen dados tataringaning rembag prakawis Agami Islam; dados pangagenging Agami Islam?

Keleresan, *Patjar Mérah* taksih angrimati rembagipoen *prof. J.J. van Rijckevorsel*, toemrap pitakénan poenika, kaseboet ing *De Koerier* 23 Maart 1929.

a. *Regeerings Reglement* art 124, sapoenika art. 178 (1) kaseboet ing *Wet op de Staatsinrichting*, njeboetaken ingkang wosipoen kémawon: „anggoné para Boepati ngawat-awati ngoelamaning wong Priboemi kang doedoe Kristen, koewi moeng toemrap Agama sing linakonan Boepati-boepati maoe, ( . . . . het oppertoezicht over de priesters der niet-Christen Inlanders aan de regenten slechts wordt toegekend „*voorzoover betreft de godsdienst, die elk hunner*" (d.i. der regenten) „*belijdt*".

Dados art. poenika sampoen amékani manawi wonten lelampahan ingkang dados Boepati anglampahi Agami sanès. Agami poenapa ingkang pinanggalih, kala Nagari damel artikel waoe, kadjawi Agami Kristen? Dados, *Regeerings Reglement* pijambak sampoen anerangaken tijang Kristen saged dados Boepati," — makaten pangandikanipoen sardjana waoe.

b). Ing *Koloniaal Verslag* 1860, anjarijosaken wisoedan tijang Kristen Priboemi dados Inlandsch-hoofd, poenika *boten prajogi* (— *niet wenschelijk*"). Nanging „*ora prajoga*", poenika boten ateges *mokal*, oet. *ora kelakon*. Dados, inggih „*saged kalampahan*" oetawi *wel mogelijk*".

Anggènipoen *kala samanten* boten kaprajogèkaken, poenika margi koewatos bokmanawi Boepati waoe dipoenpakèwedi bangsanipoen pijambak. Nanging toemrap djaman sapoenika, koewatos ingkang makaten waoe sampoen boten andjaman. Manawi *ing djaman sapoenika*, taksih koewatos makaten, poenika ateges anjélaki loyaliteitipoen tetijang katah, lan mratjihnani anggènipoen awatak djirih.

c). Inggih leres Boepati kapoerih „ngawat - awati ngoelamaning Priboemi dédé Kristen lsp . . . . . .", kados ingkang kaseboet ing nginggil; . . . . nanging toezicht poenika, babar pisan boten kok ateges Boepati waoe kedah ladjeng dados „*pinitoewa oet. mangagengi*" Agami waoe.

d). Saja tjeta malih, kaseboet ing *Vertrouwelijke Circulaire* 29 Mei 1872 no. 5625. Ing ngrikoe katjarijosaken: 1). *para Boepati gadah tatanggelan sampoen ngantos ing bawahipoen wonten* gendran - Agami (— *godsdienstige woelingen* —) Amila: 2). *para Boepati kedah boten roemaos dados pangagenging Agami.*

c). *Kabinets-circulaire* 4 Juli 1874, oegi angambali malih soeraosing *Vertrouwelijke ciculaire* kaseboet nginggil: . . . . . para Boepati kedah *anjingkiri, sampoen ngantos tjawé-tjawé lalajananipoen ngoelama Islam kalijan tijang Priboemi* ( . . . . „vermeden worde een bepaalde inmenging in zake de betrekking tusschen de Mohammedaansche geestelijkheid en de inheemsche bevolking").

f). Ing *serat kakantjingan 1 November 1889 no. 19 (Bijblad 4642)* oegi dipoenpranata kados - poendi tangkebipoen para Boepati ingkang Agaminipoen béda kalijan Agamining kawoela. Ing serat kakantjingan waoe anjeboetaken: . . . . . . „*dat die regenten niet bevoegd zijn, zelfstandig maatregelen te nemen of onderzoek in te stellen ter zake de uitoefening en verkondiging van zulk een* (hun vreemden) *godsdienst, maar hebben zich te bepalen tot kennis geven en tot het vragen van bevelen aan het Europeesch bestuur.*" (— toemrap panindaké lan pentjaring Agama (sing doedoe Agamané Boepati) maoe . . . . . . para Regent ora kena toemindak lan niti priksa déwé; koedoe awèh weroeh lan njadong paréntahé Bestuur bangsa Eropah").

* * *

Makaten sadèrèk, katrangan-katrangan, prakawis kalenggahanipoen Boepati toemrap Agamining kawoela ing bawahipoen.

Lan, manoet ingkang katjarijosaken ing nginggil, dados inggih tétéla tijang Kristen saged dados Boepati.

g). Prof. J. J. van Rijckevorsel, wonten *de Koerier* 24 April 1929, no. 19 ngandikaken bilih s.k. *Pembela Islam*, Maart no. 6, *anglepataken* panganggep: *manawi Regent poenika pangageng prakawis Agami. Para Boepati namoeng kedah nanggel tata tentreming kawoela Islam ing bawahipoen*".

h). Para sadèrèk! Ing nginggil, koela sampoen anggepok sakedik wawasanipoen *Bintang Timoer*, no. 198, 28 Agoestoes.

*Bintang Timoer*, no. 199, sasampoenipoen pados katrangan, ladjeng ngedalaken swanten ingkang wonten ambet-ambetipoen tjotjog kalijan pangandikanipoen Pastoor J. J. van Rijckevorsel, makaten:

Regent s e k a r a n g sebetoelnja tidak lagi djadi hoofd dari Igama, dan t o e z i c h t pada Priesterraad s a m a s e k a l i boleh dikata tidak poenja hak apa-apa, dan tidak poela selama mendjadi pengoeroes tinggi dari kas mesdjid, sebab di Soerabaja oempamanja di mesdjid Ampel . . . . kalau tidak salah malah dikemoedikan oleh soeatoe badan commissie, Regent tidak djadi lid atau apapoen djoega disitoe.

Tentangan diseboet bahwa Regent itoe sebagai C h a l i f a h, memang ada doeloe, malah sekarang poen diantara Regent jang ingin diseboet seboet dalam chotbah Djoem'at, tetapi itoe t i d a k s o e a t o e a t o e r a n j a n g a d a.

G e e s t dari Mohammedaansche gemeente sekarang oemoemnja maoe los sama sekali dengan pengoeroesan dari pihak pembesar Goepernemen.

Dengan keangkatan seorang Keristen djadi Regent minilik keadaan g e e s t jang sekarang, njata roepanja dari pihak Pemerintah sebagai soeatoe dari pada daja oepaja jang nanti mendjaoehkan atau melepaskan sama sekali dari practijk poen akan p e r t j a m p o e r a n B e s t u u r p a d a a g a m a I s l a m.

* * *

T. P o e d j o tadinja beberapa tahoen mendjadi Patih jang zelfstandig di Djember, dengan tidak ada soeatoe keberatan apa-apa dari anak negeri jang beragama Islam, sebab beliau tidak tjampoeri soeatoe apa dalam kalangan itoe.

Kalau diketahoei instructie seorang Patih jang zelfstandig sama sadja dengan Regent, maka dapat dikira-kirakan bahwa toean ini poen nanti s e b a g a i R e g e n t di Probolinggo a k a n t i d a k m e n t j a m p o e r i akan oeroesan Agama.

Djadi, sampailah kehendak dari perhimpoenan Islam sebagai Partai Sarekat Islam dan Mohamadijah jang maoe l e p a s dari pertjampoeran Pemerintah dalam perkara agama.

* * *

Sekarang, setelah mendengar dan mengetahoei akan keadaan-keadaan jang menjebabkan keangkatan itoe, kita tidak lihat soeatoe sebab lagi, meskipoen kita mengarti boeat permoelaan a k a n a d a k e h e r a n a n o r a n g, tetapi siapa jang memperhatikan g e e s t d e s t i j d s dalam Mohammedaansche gemeente, dan jang mengarti akan kedjadian jang ditimboelkan oleh karena keangkatan seorang regent Keristen ini djadi nanti Regent a k a n d j a o e h s a m a s e k a l i d a l a m p e r t j a m p o e r a n a g a m a, maka bisalah diharap perlahan sekalian keadaan jang didapat dalam practijk seperti anggapan chalifach d. l. l. akan hilang poela perlahan-lahan.

Papantjasaning rembagipoen *Bintang Timoer* pérangan ingkang ngandap poenika, . . . . . . . kita *aosi* sanget.

* * *

Wasana, pangadjeng-adjeng koela, moegi pandjenenganipoen Boepati énggal ing Prabalinga, saged njepeng poesaraning pradja kanti adil, sampoen ngantos damel *koesoeting* nama Kristen.

Moegi, kalampahana makaten saèstoe !! . . . . . . .

Kumuningsaselé 31 Agoestoes '30.

Taklim: *Patjar Mérah*.

# OERAP - SARI

**(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÉS)**

**Ing Kathedraal Betawi.**

Rikala dinten Ngahad 31 Agoestoes, inggih poenika dinten wijosanipoen Sri Maharadja Poetri Wilhelmina ingkang joeswa 50 taoen, ingkang witjaksana Kangdjeng G. G. De Graeff rawoeh ing Kathedraal (Grédja kabiskopan) ing Betawi perloe andjenengi Mis Soetji.

Ingkang witjaksana Kangdjeng G. G. waoe kadèrèkaken ingkang poetra poetri Freule de Graeff.

Kadjawi poenika ingkang sami andèrèk:

Padoeka Toewan Welter, vice-president Raad van Indie; P. T. ten Broecke Hoekstra vice-admiraal; P. T. van Kan, van Sandick, Koesoemo Joedo lan Djajadiningrat Delèr.

Ladjeng algemeene secretaris; voorzitter Volksraad; Djéndral Bodde; wewakiling nagari Mr. Ir. Kiewiet de Jonge; Directeur O. E. Prof. Dr. Schrieke; Dir. justitie Mr. Verheyen lan sapanoenggalanipoen, taksih katah toer bangsa inggil - inggil.

Ingkang nampi tamoe - tamoe loehoer waoe Pro - vicaris ing Betawi inggih poenika Rama Pastoer Wubbe.

Wondéné Kangdjeng Biskop njaosaken koerban Mis kanti semoea.

Kados makaten poenika damel mongkoging manah kita, nanging ingkang nomer satoenggal panjoewoen kita, moegi Goesti Allah maringana sih miroenggan dateng para ingkang sami rawoeh waoe.

**Djaman ngirid.**

Pinten-pinten poenggawa pabrik gendis ing Garoem, (Blitar), kedjawi nindakaken pandamelanipoen ingkang mesti, oegi ngiras kapoerih njadé gendis étjéran. Rèhné gendis poenika abenipoen kopi, mila dajaning malaise oegi amoerih poenggawa-poenggawa waoe njadé boeboek étjéran. Anggènipoen sami njadé ingkang katah wonten antawisipoen margi Blitar — Wlingi gendis 1 poen $5^1/_2$ sèn, boeboek $^1/_2$ kati: $12^1/_2$ sèn. *(S. Hdbl.)*

**Tamoe Djepang.**

Béndjing 11 Sept. Soerabaja kadatengan warga Hoogerhuis Djepang pipitoe lss., perloe ndjadjah tanah Djawi.

**Parté Tabrani.**

Sadèrèk Tabrani badé ngedegaken pakempalan anama Nationaal Partij Indonesia, dadasaripoen: coöperator nanging radikal (blaka soeta).

**Iksamen akontan.**

Tanggal 22—27 September badé wonten iksamen schriftelijk ing Soerabaja, Betawi, Bandoeng, Semarang, Medan, badé wonten iksamen kaserat bab Techniek - Padagangan, Financieel, Rekenkunde, Babad, Economie, Sociale Economie, Recht lan Belastingsrecht.

**Bantèng P. N. I.**

Prakawisipoen Ir. Soekarna, sampoen wiwit kapriksa, wonten Bandoeng.

**Pest.**

Pawartos opisijil saking Bogor, njarijosaken bilih manoet tjatetanipoen Dienst Kasarasan, ing salebetipoen 15 — 13 Juli, wonten tijang pedjah déning sasakit pès katahipoen 288.

**Administrateur kalijan ron tèh.**

Administrateur onderneming tèh ing Soember Ganda, Malang, dipoenpradatakaken margi toembas tèh tjolongan saking onderneming tèh ing Djoenggoe, pangaos ± f 40.

**Wos Sijem.**

Pambantoe *Straits Times* ing Bangkok, njarijosaken kawontenanipoen wos Sijem, moetawatosaken. Wos - wos ingkang kawedalaken katingal mlorot-mlorot. Anggènipoen makaten waoe margi Burma saged ngrebat sapéranganipoen-ageng peken-wos ing Wétan. Pangéran Kamboeng Bajra, minister Padagangan badé dateng Singgapoer, Boerma, Indija - Inggris, Tiongkok toewin Djepang, perloe niti priksa kawontenaning peken - peken - wos ing ngrika.

**Pakoendjaran kanggé tijang saged.**

Nagari maringi waragad malih f 287.790 kanggé jasa pakoendjaran kanggé tijang saged, ing Soeka Miskin, Bandoeng. Mangka roemijin sampoen ngedalaken f 680.000. Dados sadaja: f 967.790. (A.I.D.)

**Margi ing gagana.**

Bokmanawi, woelan October poenika, tanah Djawi—Médan, (medal Palembang) sampoen wiwit tansah gandèng. Setatsijoen - setatsijoen montor maboer, sampoen kagarap sengkoet. Lan semoenipoen tjalon kabablasaken medal Singgapoer. *(Deli Courant).*

**Bangsa Arab toemandang.**

Bangsa Arab sami toemandang, soepados béndjing Raad Kawoela taoen ngadjeng poenika wontena wawakilipoen. Ingkang dipoenkandidataken t. Mohamad Alatas belastingskantoor Soerabaja, t. Bemasjmoes lid provinciale-raad Djawi Kilèn, t. S. Ali Baadillah poetra Radja Moeatiarda ing Bandaneira (roemijin sinaoe ing Leiden lan London), t. Sajid Badjened (wedalan sekolahan Setamboel).

**Locoburgemeester.**

Wonten parepatan 22 Agoestoes, ingkang èstoe kaangkat dados Locoburgemeester no. 1 lan 2 ing Betawi t. mr. Hildebrand lan Tan Yam Hok. Toean Thamrin boten poeroen dipoenkandidataken. Sebabipoen boten poeroen, kabaripoen wonten préntah aloes saking nginggil soepados sadèrèk waoe boten poeroen kasawoengaken, ingkang makaten waoe kanggé mékani gègèripoen péhak sana. (B.T.)

**Kegloendoeng djoerang.**

Bouwopzichter Rooze kala mranata prakawis, kanggé damel margi

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja SWARA TAMA,** dengan bawa lembaran Swara Tama dapat **POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON / DUNLOP / R. I. W. — RIJWIELEN

**Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!**

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG

MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

Boeat toean poenja

**Recept**

ERCEE

APOTHEKEN

**Rathkamp & Co**

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.

Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.

Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRJOSOESENO"**

**Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.**

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **kawadahan ing blèg, netto** | **10** | **5** | **2½** | **1** | **½ kilo;** |
| **sablèg regi** | **10,50** | **5,50** | **3,-** | **1,30** | **0,75;** |

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING

**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**

**Moegi ndadosna kawoeningan.**

**Pangetjapan „CANISIUS" mentas mbabar boekoe malih:**

1. KOERBAN MIS SOETJI **regi f 0,15 fr.: i. p. f 0,17.**
2. SERAT MANGRASOEL KRIDA **„ f 0,22 fr.: i. p. f 0,24.**

Soemangga samia enggal moendoet.

DRUKKERIJ „CANISIUS" DK.

**N. B.** Manawi moendoet 25 idji angsal soedan 5%; 50 idji — 10%; 100 idji — 15%; 500 idji — 20%.

**Mangga sami angabarna ing SWARA-TAMA!**


Meulaboh — Sigli, katjemploeng djoerang, tiwas.

**Radja dipoensekores.**

Resident Timor, mentas njekores Radja Mollo, zelfbestuurder ing Mollo (Timoer Tengah) margi saking kelahipoen tijang alit kabekta saking awoning kelakoewanipoen Radja waoe.

**Wethouder Soerabaja.**

T. Askaboel, kapilih wethouder kanggé tijang Priboemi, ing Soerabaja.

**G. G. tedak ing Banten.**

Béndjing tanggal 4, 5 lan 6 September, Ingkang Witjaksana Goepernoer Djéndral badé rawoeh ing Banten.

**G. G. dateng Indo China.**

Katjarijos, béndjing 27 Oktober, Ingkang Witjaksana badé nitih baita „Zuiderkruis" tindak mertamoe dateng Indo China. Poetra poetri, poenapadéné dirèktoer Landbouw badé sami andèrèkaken.

**Opiumregie 1929.**

Ing taoen 1929, panjadéjan bruto tjandoe Goepermèn wonten f 40.938.286,105, oetawi langkoeng 4,41% tinimbang kala taoen 1928.

Bangsa Tionghoa, ratjak nelasaken tjandoe 1200 tail, déné tijang Indonesia, 396 tail. Pamedal bruto tjandoe Goepermèn kala 1914, wonten f 34.987.868, lan salebetipoen taoen '27, '28 lan '29, tansah langkoeng saking 40 mlijoen.

**Pamedal sarem.**

Verslag taoen '29, njarijosaken dèrèng naté pikantoek kaoentoengan kados ing taoen waoe, i.p. 486.907 ton saben sèwoe kilo gram. Taoen '29, kaoentoenganipoen, mondjo pijambak, nanging poenika meksa kawon katah 15.884 ton tinimbang taoen '29. Gandèng kalijan katahipoen patandon sarem, ngantos papanipoen sesak, mila kaangkah badé amijaraken papan.

Panjadéjan gips ing taoen kapengker wonten f 11.634.23. Pabrik-pabrik sarem ing Kalianget lan Krampon, salebetipoen taoen '29, njamboet damel dangoenipoen 291 lan 294 rinten daloe, sarta sampoen saged ngedalaken sarem sampoen boentelan 103.381 ton, toewin 46.873 ton. Kanggé pamedal taoen kapengker, tijang migoenakaken sarem remoekan 162.241 ton. Kanggé njaèkaken saremipoen, ing Krampon andatengaken centrifuges 12.

Ing taoen '29, saged angintoenaken sarem boentelan 28.952 ton, lan sarem remoekan 89.838 ton.

**Angitjali tjoelik.**

Poelisi Betawi, toemandang keras, sageda angitjali goegon toehon prakawis tjoelik. Tijang kampoeng Tjempaka Poetih, njebar pawartos ing Goenoeng Sahari wonten majit mripatipoen dipoenoereki tjoelik. Sareng tijang waoe dipoenpitakèni boten saged anedahaken papanipoen, ladjeng dipoentahan, awawaton art. 171 Wetboek van Strafrecht: („sinten ingkang anjebar pawartos dora, saged kaoekoem dangoe-dangoenipoen sataoen, oetawi kadenda katah-katahipoen f 300).

Landrechter andawahi oekoeman awrat dateng tetijang ingkang damel wartos goroh, perloenipoen soepados sadaja pawartos tjoelik ingkang ngadjrih-adjrihi, saged sirep.

**Ngabotohan ing Moentilan.**

Radicaal ing *Bintang Mataram*, njarijosaken sampoen mèh sawoelan ing sangadjeng klentèng Moentilan wonten bangsa Djepang ambikak mainan tjapdjiki toewin abang idjo. Katah Tionghoa toewin Indonesiër ingkang pados begdja ing ngrikoe. Malah inggih wonten njonjah Tionghoa ingkang toemoet aben begdja. Kawontenan ingkang angrisakaken ékonominipoen oemoem poenika, sageda dados panggalihanipoen ingkang wadjib, kaparenga toemindak saperloenipoen.

**R. K. D. B.**

R. Hadiwidjono, ingkang sapoenika ngoedi kasoesastran Djawi wonten Betawi, roemijin goeroe Kweekschool Moentilan, mentas sesorah prakawis „Aslinipoen basa Djawi dalah kasoesastranipoen, kanggé warganing pakempalan R. K.D.B. ing Betawi. (*Koerier*).

**Malaise.**

Agentschap Adek ing Semarang, wiwit tanggal 30 Sèptèmber ngadjeng poenika dipoentoetoep, margi pangiridan, déning soedaning lebetipoen koeli saking tanah Djawi. Semanten oegi poenggawa Adek ing Soerabaja, oegi badé dipoenlongi.

**Panoentoen Kuo Mintang dipoenpedjahi.**

Panoentoen Kuo Mintang ing Djambi mentas dipoenpedjahi tijang Tionghoa kekalih. Sebabipoen kémawon bokmanawi gandèng kalijan poelitikipoen Kuo Mintang. (*Sin Po*).

**Djaman ngirid.**

Margi rekaosing panggesangan, tetijang doesoen bawah Sidaardja, katah ingkang kaloewèn. Katah tijang ingkang njolong degan, poenapadéné katah sanget ingkang anggantosaken poenapa sagagadahanipoen, ngantos pirantos tatanèn kémawon inggih mlebet pagantosan. (*Swara Publiek*).

**Saradadoe ngrampas gadahaning sanès.**

Ing Kanonlaan, Mr. Cornelis mentas wonten saradadoe Ambon ngrampas panganggénipoen sémah saradadoe bangsa Priboemi, pangaos 83 roepijah.


KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng

**mawi modèl warni-warni; oegi nampi welingan badé roepi-roepi.**

DAMELANIPOEN NÈTJES: ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN


**Waterleiding.**

Aneta, martosaken saking Betawi, bilih oesoelipoen B. lan W. bab amijaraken waterleiding toewin reservoir dipoentampi.

**Pasar Gambir.**

Pasar Gambir Betawi sampoen kabikak.

**Hak siti kanggé bangsa Indo.**

Prof. mr. Ter Haar, wonten *De Stuw*, amastani anèh dateng lekasipoen bangsa Walandi Indo, ingkang neda hak siti ing Indonesia ngriki. Awit, Indo poenika ngèngeti anggènipoen dados ambtenaar, sampoen neda perlop sadjawining negari, lan kamanoengsanipoen ngroemaosi dados bangsa Éropah' . . . . éwadéné meksa neda wewahing wewenang malih, neda wewenang siti ing ngriki, margi ngroemaosi dipoenlahiraken wonten tanah ngriki.

**Tèh Indonesia.**

Sakiwa tengenipoen Garoet, langkoeng-langkoeng ing Tjikadjang lan Tjisoeroepan, tetijang katah sanget ingkang anggega wawarahipoen prijantoen Tatanèn, babagan pamijaranipoen tèh. Malah ing parepatan doesoen kerep kémawon angrembag anggènipoen mentjaraken bibit, mawi soesoeloehipoen prijantoen Landbouw. Anggènipoen dipoenmakatenaken poenika, soepados tèhipoen tijang siti boten kedesek tèh onderneming kabekta saking boten padjengipoen tèh. Éwadéné pamedalipoen manoet teksiran meksa badé soeda, i.p. taoen '29: f 8.400.000, ing taoen '30 tjalon soeda dados f 4.000.000. Kanggé njegah prakawis poenika tetijang sami ichtijar ngedegaken plantersvereeniging karèt, kapoek toewin tèh, perloenipoen sampoen ngantos djor-djoran kantja sami kantja.